

24 novanm

Benediksyon pou moun k ap li liv sa a. Benediksyon pou tout moun k ap koute pawòl mesay sa a ki soti nan Bondye, pou tout moun k ap obeyi tou sa ki ekri nan Liv sa a. Revelasyon 1. 3

Pawòl ou yo... se tout plezi m, yo fè kè m kontan.

Jeremi 15. 16

Li t ap li ak lang li

Yon kretyen te rakonte yon vizit li te fè lakay yon moun ki avèg e mwaye nan kò li te paralize :

Li te genyen tout akote li, yon bann fèy katon pèse ak yon bann ti twou : se te Bib ki te ekri an bray. Granmoun gason sa a, te rakonte mwen aksidan ki te fè li andikape konsa, apre li kontinye pale :

– Mwen te san espwa, jiskaske yon jou, Jezi te rankontre mwen. Li te devni Sovè mwen. Li te konsole mwen. Mwen te vin anvi li pawòl Bondye pou mwen ka konnen li pi byen.

– Men, kòman ou li ekriti an bray la ?

– Ekriti sa yo sanble yo pa t ka ede m nan anyen, paske mwen pa gen dwèt men. Men, yon jou, mwen kwè m te tandè vwa Senyè a ki di m : “Aprann li avèk lang ou”. Konsa, mwen te priye Bondye pou mwen te ka resevwa Bib an bray sa a, e lè yo te fin banm li, mwen te kòmanse aprann li liv Bondye a. Mwen te bezwen gen anpil pasyans pou m te aprann li, men mwen rive fè sa.

– Mwen ta renmen ou li pou mwen yon vèsè.

Li pran youn nan ti moso katon yo ; youn nan fèy Bib li. Avèk lang li, li touche liy yo lèjèman, lè fini li tradui l : “Se pou nou toujou kontan nan lavi n ap mennen ansanm ak Senyè a” (Filipyen 4. 4).

Konbyen kretyen ki gen men, de grenn je byen klere e ki gen yon Bib ki pa grangou pawòl Bondye a !

“Pawòl ou fè kè m kontan. Se tankou si m te jwenn yon gwo richès” (Sòm 119. 162).

24 novembre

Bienheureux celui qui lit et ceux qui écoutent les paroles de la prophétie, et qui gardent ce qui y est écrit.

Apocalypse 1. 3

Tes paroles ont été pour moi... la joie de mon cœur.

Jérémie 15. 16

Il lisait avec sa langue

Un chrétien raconte sa visite à un vieillard aveugle, sans mains et à moitié paralysé :

Tout autour de lui étaient éparpillées des feuilles de carton percées de petits trous : c'était sa Bible en Braille. Le vieil homme me raconta l'accident qui l'avait handicapé de la sorte, puis il poursuivit :

– L'avenir me semblait sans espoir quand, un jour, Jésus Christ m'a rencontré. Il est devenu mon Sauveur. Il m'a rendu la sérénité. En moi s'est éveillé le désir de lire la Parole de Dieu pour mieux le connaître.

– Mais comment lisez-vous l'écriture Braille ?

– Elle ne me semblait d'aucun secours puisque je n'ai pas de doigts. Mais un jour j'ai cru entendre la voix du Seigneur me dire : "Apprends à lire avec ta langue". J'ai prié pour recevoir cette Bible en Braille, et quand elle m'a été donnée, j'ai commencé à apprendre à lire ainsi le Livre de Dieu. Il m'a fallu beaucoup de patience, mais j'y suis arrivé.

– J'aimerais que vous me lisiez un verset.

Une feuille de sa Bible était devant lui. De sa langue, il toucha légèrement les signes et il traduisit : "Réjouissez-vous toujours dans le Seigneur" (Philippiens 4. 4).

Combien de chrétiens ont des mains, des yeux et une Bible, mais n'ont pas faim de la Parole de Dieu !

"J'ai de la joie en ta Parole, comme un homme qui trouve un grand butin" (Psaume 119. 162).